



Pou Piblikasyon Imedya: 12/04/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

Deklarasyon Gouvènè Andrew M. Cuomo fè sou Lanmò Jij Sheila Abdus-Salaam lan

“Jij Sheila Abdus-Salaam te yon jiris pyonyè ki te pase lavi l nan sèvis piblik kote l t ap pouswiv yon New York ki pi ekitab ak pi jis pou tout moun.

Antanke premye fanm Afro-Ameriken yo te nonmen nan Kou Dapl Eta a (State’s Court of Appeals), li te yon pyonyè. Atravè zèv li te ekri yo, sajès li, ak sans lamoral li genyen, li te yon fòs debyen epi nou pral santi efè enflyans li kite a pandan anpil ane k ap vini ankò.

Mwen te fyè pou m te nonmen li nan tribinal ki pi wo nan eta a epi lanmò l fè m santi m vrèman tris.

Nan non tout Nouyòkè, mwen ofri senpati ki pi pwofon bay fanmi li, pwòch li yo ak kòlèg li yo pandan eprèw moman difisil sa a.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418